

August 2023

Chè Paran/Responsab Legal,

Objektif lèt sa se pou enfòme w ke elèv ou a pral itilize òdinatè pou l pase tès [FSA (Florida Standards Assessments) ELA Writing and FSA ELA Reading Retake *and/or* B.E.S.T. Algebra 1/Biology 1/Civics/B.E.S.T. Geometry/U.S. History End-of-Course (EOC) assessment(s) *and/or* FSA Algebra 1 EOC Retake *and/or* FAST ELA Reading Retake] sou [administration day(s)/date(s)]. Repriz FSA ELA ap fèt pandan 3 jou epi li konsiste nan yon sesyon Redaksyon FSA ELA 120 minit ak yon sesyon Lekti FSA ELA 90 minit. Pou sesyon Repriz Redaksyon FSA ELA epi Lekti FSA ELA a, nenpòt elèv ki pa fini yon sesyon nan fen tan yo bay la ka kontinye travay jiska mwatye yon jounen lekòl tipik pou sesyon sa a. Repriz FSA Aljèb 1 EOC yo fet nan de sesyon 90 minit pandan de jou, epi elèv yo ka genyen jiska mwatye yon jounen lekòl tipik pou komplete chak sesyon. B.E.S.T. Aljèb 1, Biyoloji 1, Sivik, B.E.S.T Jewometri, epi Istwa Etazini evalyasyon EOC yo chak ap fèt nan yonsèl sesyon 160 minit, men elèv yo ka travay jiska yon jounen lekòl tipik. FAST ELA Repriz Lekti yo fèt nan yonsèl sesyon 120 minit, men elèv yo ka travay jiska yon jounen lekòl tipik.

Si oumenm oswa elèv ou a ta renmen revize tès pratik ki ap fèt sou òdinatè lakay ou, tès pratik ak repons kle yo disponib nan <https://fsassessments.org/families.html>.

Tanpri revize règleman sa yo ak elèv ou a anvan tès la:

- **Aparèy Elektwonik**—Elèv yo pa gen dwa genyen okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite ak, telefon selilè, esmatfòn epi mont entelijan, nenpòt kilè pandan tès la oubyen pandan tan repo (pa egzanp, nan twalèt yo), **menm si aparèy yo etenn oswa elèv yo pa sèvi ak yo.** Si yo jwenn elèv ou a ak yon aparèy elektwonik oswa yo jwenn li ap sèvi ak Bluetooth/ekoutè san fil/earbuds pandan tès li a, tès li a ap anile.
- **Règleman pou Kalkilatris**—Pou B.E.S.T. Evalyasyon Aljèb 1 epi Jewometri EOC epi sesyon Repriz 2 nan FSA Aljèb 1 EOC, yo ka itilize yon kalkilatris syantifik pòtatif. Si elèv yo genyen kalkilatris pòtatif pandan Repriz Sesyon 1 FSA Aljèb la, tès yo a ap anile. Pou Biyoloji 1 EOC, yon kalkilatris ki gen kat fonksyon kapab itilize.
- **Akize resepsyon Règ Tès yo**—Tout tès yo gen ladan yon akize resepsyon règ ki di: “Mwen konprann yo te fèk li règ tès yo pou mwen. Si mwen pa swiv règ sa yo, nòt egzamen mwen an ka anile.” Anvan tès la, administratè tès yo li règ yo bay elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règ tès yo lè yo klike sou yon kaz ki bò kote deklarasyon an nan navigateur ki sekirize a ki endike yo konprann règ tès yo.
- **Diskite sou Kontni Tès la apre tès la**—Yo li dènye pòsyon règ tès yo bay elèv yo anvan yo klike sou ti bwat la pou aksepte Akize Resepsyon Règ Tès Eta yo paske kontni tout evalyasyon atravè tout Eta a sekirize, elèv yo pa ka diskite sou detay ki revele sou kontni tès la. (ki gen ladan atik tès yo, pasaj, epi enstriksyon) apre tès la. Sa gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, voye imèl, poste sou medya sosyal, oswa pataje sou entènèt. Tanpri asire w elèv ou a konprann règleman sa a anvan tès la epi fè yo sonje “diskite” kontni tès la gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, voye imèl, poste sou medya sosyal, oswa pataje sou entènèt. **Byenke elèv yo pa ka pataje enfòmasyon sou kontni tès sekirize a apre tès la, règleman sa pa gen entansyon anpeche elèv yo diskite sou eksperyans tès yo ak paran/fanmi yo.**
- **Travay poukонт yo**—Elèv yo responsab pou yo fè pwòp travay yo pandan tès la epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo bare elèv yo k ap triche pandan tès yo, y ap anile tès yo a. Anplis desa, Depatman Edikasyon Floride (Florida Department of Education, FDOE) anplwaye Caveon Test Security pou analize rezulta tès elèv yo pou detekte modèl repons sanblab ki pa nòmal. Y ap anile tès elèv ki nan menm lekòl ki gen modèl repons ki sanble anpil.
- **Kite kanpis la**—Si elèv ou a kite lakou lekòl la anvan li fini yon sesyon tès (pa egzanp, pou manje midi, yon randevou), li **p ap gen** dwa retounen nan sesyon tès sa a. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou tès la, li ka pi bon pou li rete tann epi fè tès la nan yon jou ratrapaj. Tanpri sonje pa pran randevou nan jou tès yo.
- **Aranjman nan Tès**—Si elèv ou a gen yon Plan Edikasyon Endividiyèl (Individual Education Plan, IEP), yon Plan Seksyon 504, oswa se yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè ( English Language Learner, ELL) oswa yon ELL ki fèk soti, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou aranjman tès yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak administrasyon tès sa a, ou kapab kontakte [**School Contact**] nan [**Contact Information**]. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Evalyasyon Florida a, tanpri vizite pòtal la nan [FLFAST.org](http://FLFAST.org).

Mèsi paske w sipòte elèv ou a epi ankouraje l pou fè sa ki pi byen an pandan w ap bay tès sa a.

Ak tout kè mwen,

Joseph Torregrasso Ed.D.

Principal